



# KISA PITIT OU A AP APRANN?



## Dezyèm Ane Eskolè

## 2017-2018

### Kijan mwen ka ede pitit mwen nan kay la?

Aprantisaj pa fini nan salklas la. Timoun bezwen èd ak sipò nan kay la pou yo reyisi nan etid yo. Eseye kreye yon kote trankil pou pitit ou a etidye chak jou pou zanmi, frè ak sè, oubyen lòt distraksyon pa entèwonp li. Ou ka jwe yon wòl enpòtan nan kay la, nan etabli gwo atant e sipòte pitit ou a nan satisfè bezwen li. Ou dwe tou eseye chita avèk pitit ou a omwen yon fwa pa semèn pou 15 a 30 minit pandan li ap fè devwa l. Sa ap kenbe w enfòm sou kisa pitit ou a ap travay. Lè w fè ti pa sa yo, w ap ede pitit ou a jwenn siksè nan toude, anndan ak deyò salklas la.

- Fè lekti nan kay la chak jou e ede pitit ou a nan li chak de (2) paragaf. Ankouraje pitit ou a li pou ti sè/frè, kouzen, oubyen lòt timoun ou konnen. Pou w jwenn rekòmandasyon liv pou pitit ou a li, vizite <http://www.fldoe.org/academics/standards/just-read-fl/families>
- Fè pitit ou a ekri yon nòt remèsiman oubyen yon lèt bay yon manm fanmi an oubyen zanmi.
- Mande bibliyotèkè w la pou li sijere liv sou moun oubyen kote ki enpòtan pou pitit ou a oubyen fanmi an li ansanm. Ankouraje pitit ou a eksplike sa l fèk li a.

Enfòmasyon PTA bay:



### Atant Pou Nivo Ane Eskolè a

Elèv 2yèm ane eskolè ap gen plis ladrès nan lekti, ekri, pale, ak koute. Yo kontinye aprann e pratike règleman pou matche son ak lèt pou kreye mo e yo aprann nouvo konsèp — tankou mo ki gen menm rasin (egzanp, adisyon e ajoute) — ki ede yo konnen siyifikasyon nouvo mo. Redaksyon ap vin pi enteresan pou pitit ou a sèvi ak mo e fraz nouvo li aprann pou ekprime ide li. Pandan yo ap ekri e pale, elèv 2yèm ane eskolè ap pi atantif pou sèvi avèk Anglè fòmèl e enfòmèl e yo ap eple pifò mo kòrèkteman lè y ap ekri.

### Yon Ezanp Sou Kisa Pitit Ou a Pral Aprann nan Dezyèm Ane Eskolè

- Pote plis atansyon sou detay, ki gen ladan ilistrasyon ak grafik, nan istwa ak liv pou reponn kesyon sou *kiyès, kisa, ki kote, kilè, poukisa, e kijan*
- Detèmine leson oubyen moral nan istwa, fab, ak lejann
- Sèvi ak karakteristik tèks (egzanp, soutit, lèt fonse, endèks) pou lokalize faktè kle oubyen enfòmasyon efikasman
- Ekri yon opinyon sou yon liv li te li, nan sèvi ak detay materyèl enpòtan pou sipòte opinyon sa a
- Ekri istwa ki gen ladan sekans kout evènman e ki gen ladan yon kòmansman, mitan, ak yon finisman kle
- Patisipe nan pwòje rechèch kolektif (egzanp, li liv sou yon sèl sijè pou fè yon rapò)
- Patisipe nan konvèsasyon nan konekte kòmantè li ak remak lòt moun ak poze e reponn kesyon pou rasanble enfòmasyon adisyonèl oubyen apwofondi konpreyansyon li sou sijè a
- Rebay enfòmasyon kle ki soti nan medya oubyen liv yo li awotwaw
- Pwodui, ogmante, e re-aranje fraz (egzanp, "The boy watched the movie" (Ti gason an te wè film nan); "The little boy watched the movie" Ti gason piti a te gade film nan); "The action movie was watched by the little boy" (Ti gason piti a te gade film aksyon an)
- Detèmine siyifikasyon nouvo mo yo fòmèl lè yo ajoute yon prefiks oubyen sifiks li konnen nan yon mo (*happy/unhappy; pain/painfull/painless*) (*kontan/pa kontan; doulè/douloure/pa douloire*)

## Resous Distri a

### Sit Entènèt Redaksyon Lekt

Kat Travay LAFS

Kat Travay SAT-10



Kreye Mo



Eleman Istwa




man Redaksyon



Sekans

Istwa



Ele-

## Lyen Dijital

**iReady:** <http://www.dadeschools.net/students.asp>

**C-Palms:** <http://www.cpalms.org/Public/>

**Achieve the Core:** <http://achievethecore.org/>

**myON Reader:** <https://www.myon.com/login/>

**TumbleBook Library:** <http://asp.tumblebooks.com/home.aspx>